



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ RANPLASMAN PON K AP  
KOUTE 4.4 MILYON DOLA SOU THRUWAY LA NAN KONTE GREENE**

*Y ap ranplase pon Cauterskill Road la avèk yon nouvo estrikti*

*Nouvo pon an pral gen ladan opsyon sekirite ak plis degajman vètikal, ki prevwa  
fini nan otòn 2024*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman yon pwojè ranplasman pon ki koute 4.4 milyon dola sou I-87 nan Konte Greene. Pon Cauterskill Road (poto kilometrik 112.7) nan Vil Catskill la pral ranplase avèk yon estrikti modèn. Pon aktyèl la te bati an 1955 epi li pote Cauterskill Road (County Route 47) sou Thruway (I-87) la. Pon an se youn nan plizyè douzèn ki gen plis pase 60 ane sou Thruway ki bezwen ranplase. Apeprè 870 machin chak jou vwayaje sou pon an.

"New York kontinye fè investisman istorik nan enfrastruktiri nou an pou ranfòse sekirite, dirabilite ak dire lavi sistèm transpò nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa a se youn nan plizyè douzèn pwojè sou Thruway ak sou wout eta a ki pral asire kominote yo konekte an sekirite."

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, Esq. te deklare,** "Pwojè sa a se yon egzanp re-investisman lajan peyaj Otorite a pou adrese enfrastruktiri ki vye sou sistèm Thruway la. Y ap ranplase pon sa a ki gen 70 an avèk yon nouvo estrikti ki pral satisfè nòm modèn yo, ki pral amelyore sekirite epi ki pral ofri yon eksperyans kondwi amelyore pou otomobilis yo."

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Investisman sa a pou ranplase Cauterskill Road Bridge ki gen prèske 70 an sou I-87 nan Konte Greene pral ede asire pasaje yo gen yon vwayaj ki pi an sekirite epi ke enfrastruktiri lokal nou an pi byen ekipe pou reponn ak defi move tan poze yo. Mwen remèsye Otorite Thruway ak Gouvènè Hochul pou patenarya yo nan priyoreze sekirite ak antretyen wout ak pon nou yo."

**Manm Asanble Chris Tague, te deklare,** "Renovasyon kontinyèl ak amelyorasyon wout ak pon nou yo se yon responsablite enpòtan eta a, epi mwen byen kontan nou ap angaje yon lòt fwa ankò resous enpòtan pou asire Pon Cauterskill Road la rete solid ak fyab. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak ekip li a pou direksyon yo bay yon lòt

4.4 milyon dola pou enfrasitrikti rejyon kapital nou an, e mwen kontan tandè ke pon nou yo ap rete solid ak an sekirite pou plizyè milyon lòt chofè."

Estrikti ki egziste deja a pral ranplase avèk yon nouvo pon ki gen plis degajman vètikal soti 14'9" pou 16'8", ray gid an sekirite, kloti nèj, ak yon nouvo sifas pou sikile.

Apati 1 avril, Pon Cauterskill Road la pral fèmen pou trafik, epi gen yon detou 19 km ki pral anplas. Chofè yo ta dwe pran Cauterskill Road/County Route 47 Nò, vire adwat sou NY-23 Lès, apresa vire adwat pou rantre nan US-9W Sid nan direksyon Catskill, rete adwat sou Cauterskill Ave., apresa vire adwat sou Cauterskill Road. Chofè yo ka rankontre ralantisman oswa arè nan sikilasyon sou Thruway pandan konstriksyon an. Pano Mesaj Varyab yo pral avize otomobilis yo sou travay konstriksyon an ak enfòmasyon sou detou yo.

Bette & Cring LLC of Latham, NY se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif. Yo prevwa konstriksyon an ap fini nan otòn 2024. Travay la depann de sitiyasyon meteyo a, epi dat yo ka chanje.

Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay avèk ranfòsman sou kamera vitès yo pral gen siyal klè ki mennen nan zòn travay la. Yo pral peye bay amann pou otomobilis ki vyole limit vitès ki afiche nan zòn travay la. Y ap voye pa lapòs amann pou vyolasyon yo bay pwopriyete veyikil ki anrejistre a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan isit la [isit la](#).

Bidjè 2024 Otorite a envesti yon total 451 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki ta dwe envesti 2.4 milya dola nan pwojè kapital pandan senk ane k ap vini yo—yon ogmantasyon 500 milyon dola apre ajisteman nan peyaj ki te adopte tou dènyèman an. Ogmantasyon envestisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwatye nan plis pase 4,500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo.

Pou enfòmasyon ajou sou sikilasyon yo, nou ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Epitou, vwayajè yo ka vizite [Kat Vwayaj](#) Otorite Thruway a ki anime e ki ofri aksè pou wè kamera sikilasyon yo nan tan reyèl. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)